

Dòz Rapèl: Kesyon Moun Poze Souvan



Department
of Health

Dènye Mizajou:

Kalifikasyon

Poukisa m bezwen fè yon dòz rapèl?

“Dòz Rapèl” pral bay yon bourad nan batay kont COVID-19 pou Nouyòkè ki kalifye yo gen yon pwoteksyon kontinyèl kont viris la. Ekspè federal medikal ak nan sante nou yo te byen analize done syantifik yo nan New York, Etazini ak toupatou nan lemond pou konprann konbyen tan pwoteksyon vaksen an ap dire ak kijan nou ta ka maksimize pwoteksyon sa a. Malgre vaksen COVID-19 yo rete trè efikas pou anpeche maladi grav ak entènè lopital, done vaksen Pfizer-BioNTech kont COVID-19 ki disponib yo sijere pou pwoteksyon kont enfeksyon COVID-19 la kòmanse diminye apre yon tan apre premye dòz vaksen Pfizer-BioNTech la pou sèten popilasyon ki gen pi gwo risk yo. Pou moun ki kalifye kounye a, yon (1) dòz rapèl nan vaksen COVID-19 la ap ede maksimize pwoteksyon, pwolonje dirabilite vaksen an epi kontinye pwoteje sante piblik kominote nou yo—ak patikilyèman sila ki gen pi gwo risk pou enfekte epi malad grav.

Si nou bezwen yon (1) dòz rapèl, èske sa vle di vaksen yo pa mache?

Non. Vaksen COVID-19 yo mache trè byen (<https://covid19vaccine.health.ny.gov/covid-19-breakthrough-data-report>) pou anpeche maladi grav, entènè lopital, ak lanmò, menm kont Varyant Delta a k ap sikile anpil (<https://covid19vaccine.health.ny.gov/covid-19-variant-data>). Se poutèt sa nan moman sa a, dapre done ki disponib kounye a sou vaksen Pfizer- BioNTech COVID-19 la, yo rekòmande dòz rapèl pou sèten popilasyon ki ka gen pi gwo risk pou enfekte oswa malad grav sis (6) mwa apre premye seri vaksen Pfizer- BioNTech yo. Li nòmal pou pwoteksyon vaksen an diminye pandan yon sèten tan, epi dòz rapèl yo rekòmande pou Nouyòkè ki kalifye yo ap ede maksimize pwoteksyon yo, pwolonje dirabilite vaksen an, epi kenbe Nouyòkè ki gen pi gwo risk yo an sante ak an sekirite.

Èske mwen kalifye pou yon dòz rapèl?

Nan moman sa a ak an akò avèk konsèy CDC yo, gwoup Nouyòkè sa yo **dwe** resevwa dòz vaksen rapèl COVID-19 yo a:

- Nouyòkè ki gen 65 lane oswa plis oswa rezidan nan etablisman swen alontèm **dwe** resevwa yon piki rapèl nan vaksen Pfizer-BioNTech kont COVID-19 la omwen 6 mwa apre premye seri Pfizer-BioNTech yo a.
- Nouyòkè ki gen 50 jiska 64 lane ki gen pwoblèm medikal ki egziste deja yo **dwe** resevwa yon piki rapèl vaksen Pfizer-BioNTech kont COVID-19 la omwen 6 mwa apre premye seri Pfizer-BioNTech yo a.

Gwoup Nouyòkè sa yo **ka** resevwa dòz vaksen rapèl COVID-19 yo a:

- Nouyòkè ki gen 18 jiska 49 lane ki gen pwoblèm medikal ki egziste deja yo **ka** resevwa yon piki rapèl vaksen Pfizer- BioNTech kont COVID-19 la omwen 6 mwa apre premye seri Pfizer-BioNTech yo a, dapre avantaj ak risk endividyèl yo, epi
- Nouyòkè ki gen 18 jiska 64 lane ki gen plis risk pou kontamine ak transmèt COVID-19 la akòz anviwònman pwofesyonèl oswa enstitisyonèl yo **ka** resevwa yon piki rapèl vaksen Pfizer-BioNTech kont COVID-19 la omwen 6 mwa apre premye seri Pfizer-BioNTech yo a, dapre avantaj ak risk endividyèl yo.

Ki kondisyon debaz ki fè Nouyòkè yo kalifye kounye a pou yo resevwa dòz rapèl COVID-19 yo?

Dapre [CDC](#), nan bi pou yo kalifye pou yon dòz rapèl Pfizer-BioNTech COVID-19, kondisyon debaz yo gen ladan yo:

- Kansè (aktyèl oswa ki elimine, ki gen ladan kansè ki lye ak 11 Septanm)
- Maladi ren kwonik
- Maladi poumon kwonik tankou COPD (*chronic obstructive pulmonary disease*) (maladi pilmonè obstriktif kwonik), opresyon (modere jiska grav), maladi entestisyèl nan poumon, fibwoz sistik ak ipètansyon pilmonè, ki gen ladan maladi poumon ki lye ak 11 Septanm)
- Demans oswa lòt pwoblèm newolojik
- Dyabèt (tip 1 oswa tip 2)
- Sendwòm down
- Maladi kè (tankou ensifizans kadyak, maladi atè kowonè, kadyomyopati oswa tansyon wo)
- Enfeksyon VIH
- Maladi fwa
- Twò gwo (defini kòm yon endis mas kòporèl (BMI) > 25 kg/m² men < 30 kg/m²), obezite (BMI ≥30 kg/m² men < 40 kg/m²), oswa obezite sevè (BMI ≥40 kg/m²), ka fè ou gen plis chans pou ou malad grav akòz COVID-19. Risk pou maladi COVID-19 la grav sou ou ogmante sevèman ak yon BMI ki wo.
- Gwosès
- Maladi Anemi Falsifòm oswa Talasemi
- Fimen, kounye a oswa anvan sa
- Grèf ògàn solid oswa selil souch san an
- Estwok oswa maladi serebwovaskilè, ki afekte sikilasyon san nan sèvo a
- Twoub nan itilizasyon sibstans
- Eta iminodeprime (sistèm iminitè ki afibli)
 - Remak: Sa pa aplikab pou Nouyòkè ki iminodeprime modere pou rive grav ki [deja konsène anba kalifikasyon pou dòz siplemantè](#) pou Vaksen Pfizer-BioNTech oswa Moderna kont COVID-19 la 28 jou apre dezyèm dòz yo, jan FDA otorize sa nan dat 12 dawout 2021 an.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwoblèm medikal ki kalifye yo, al gade nan [Moun Ki Gen Sèten Pwoblèm Medikal | CDC](#).

Si mwen iminodeprime, èske mwen kalifye pou dòz siplemantè vaksen COVID-19 mwen an?

Daprè [CDC](#), moun ki iminodeprime modere pou rive grav dwe resevwa yon dòz siplemantè vaksen COVID-19 la. Moun ki gen sistèm iminitè ki fèb soti modere pou rive grav yo espesyalman vilnerab fas ak COVID-19 la, epi yo ka pa devlope menm nivo iminite ak seri de (2) dòz vaksen yo ak moun ki pa iminodeprime yo. Dòz siplemantè sa a se pou amelyore repons kò moun ki iminodeprime yo nan seri vaksen inisyèl yo a. Yo ta dwe konsidere yon dòz siplemantè yon vaksen mRNA COVID-19 (omwen 28 jou apre dènye dòz premye seri vaksen COVID-19 yo nan dat 24 septanm 2021) pou moun ki gen sistèm iminitè ki fèb soti modere pou rive grav akòz yon pwoblèm medikal oswa y ap resevwa medikaman oswa tretman iminosipresè. Pwoblèm sa yo ak tretman yo gen ladan yo, men se pa sa sèlman:

- Tretman aktif pou timè ki solid ak maladi ematolojik
- Resepsyon grèf ògàn solid ak terapi iminosipresè
- Resepsyon grèf selil CAR-T oswa selil souch ematopoyetik (nan 2 lane grèf oswa nan pran terapi iminosipresif)
- Iminodefisyans primè modere oswa grav (ekzanp, sendwòm DiGeorge, sendwòm Wiskott-Aldrich)
- Enfeksyon VIH ki avanse oswa ki pa trete
- Tretman aktif ak gwo dòz corticosteroids (kòtikostewoyid) (sa vle di, ≥20mg prednisone (prednizòn) oswa ekivalan an pa jou), ajan alkylating, antimetabolites (antimetabolit), medikaman iminosipresè pou grèf, ajan chimyoterapetik kont kansè yo klase kòm iminosipresè ki grav, sa k ap bloke nekwoz timè yo (tumor-necrosis (TNF) blockers), ak lòt ajan biyolojik ki iminosipresè oswa iminomodilatè.

Faktè pou konsidere nan evalyasyon nivo jeneral kapasite iminitè lakay yon pasyan gen ladan gravite, dire, estabilite klinik, konplikasyon, komòbidite ak nenpòt tretman iminosipresyon potansyèl maladi a.

Moun yo dwe pale ak pwofesyonèl swen sante yo a sou pwoblèm medikal yo, epi konnen si lè yo pran yon dòz siplemantè èske sa ap apwopriye pou yo.

Èske mwen ka pran yon dòz rapèl anvan mwen kalifye?

Non. Moun yo dwe resevwa dòz rapèl yo sèlman si yo kalifye.

Ki prèv kalifikasyon ki nesesè pou Nouyòkè ki kalifye kounye a selon pwoblèm sante yo oswa sitiyasyon travay yo?

Pou pwouve kalifikasyon yo, Nouyòkè ki kalifye yo oblije bay atestasyon yo menm yo fè alekri ki konfime kalifikasyon yo, founisè yo dwe kolekte. Nan moman sa a, founisè k ap bay dòz rapèl COVID-19 la p ap oblije konfime kalifikasyon yo yon fason pou pèmèt yo bay li rapid epi redui obstak yo pou pasyan yo gen aksè ak li.

Ki pwofesyon ki fè Nouyòkè yo kalifye kounye a pou yo resevwa dòz rapèl COVID-19 yo?

Daprè [CDC](#), pwofesyon sa yo ka fè yon moun kalifye pou dòz rapèl Pfizer-BioNTech COVID-19 yo:

- Sekouris (ajan sante, ponpye, lapolis, pèsonèl swen kolektif yo)
- Anplwaye nan edikasyon (pwofesè, pèsonèl soutyen, travayè nan gadri)
- Travayè nan manje ak agrikilti
- Travayè nan faktori
- Travayè nan konstriksyon
- Travayè nan Sèvis Lapòs Etazini
- Moun k ap travay nan transpò piblik
- Moun k ap travay nan makèt

Pou jwenn plis enfòmasyon sou lis sa a, yo ka aktyalize pi devan, tanpri al gade nan [Kimoun ki Kalifye pou Pran yon Piki Rapèl nan Vaksen COVID-19 la? | CDC](#).

Efè Segondè, Sekirite ak Efikasite

Ki efè segondè dòz rapèl la bay?

Menmjan ak premye seri vaksen COVID-19 ou yo, ou ka pa remake okenn chanjman nan fason ou santi ou apre dòz rapèl ou an. Men, li posib tou pou santi w yon ti kras "pa byen". Sa ka rive apre *nenpòt* ki vaksen.

Aprè dòz rapèl COVID-19 la, ou ka gen:

- Doule nan ponyèt kote w te pran piki a
- Tèt fè mal
- Frison
- Fyèb
- Fatig
- Kèplen ak vomisman

Efè segondè sa yo *pa* danjere epi yo jis yon siy sistèm iminitè ou k ap fè travay li. Yo fasil pou trete avèk medikaman pou doulè san preskripsyon ak medikaman pou lafyèb, epi anjeneral yo sèlman dire yon ti tan. Efè segondè ki grav oswa ki dire yo ra anpil. Si ou toujou pa santi w byen apre de (2) oswa twa (3) jou, ou ka kontakte pwofesyonèl swen sante yo a.

Èske dòz rapèl COVID-19 yo san danje?

Wi. Dòz rapèl yo san danje, efikas, epi gratis - men kounye a yo rekòmande yo sèlman pou sèten Nouyòkè ki [kalifye aktyèlman la a](#).

Èske gen lòt vaksen ki pa pou COVID-19 ki bezwen plis pase de (2) dòz?

Wi. Anpil vaksen egzije plis pase youn (1) oubyen de (2) dòz pou pwoteksyon ki dire. Pa egzanp, vaksen polyo ki ka sove lavi a egzije kat (4) dòz; vaksen epatit la egzije twa (3) dòz.

Lòt vaksen egzije "rapèl" okazyonèl tankou vaksen tetanòs-difteri (tetanòs), yo bay moun chak dis (10) lane. Gen lòt vaksen ki menm bezwen pou yo bay yo pi souvan. Pa egzanp, vaksen kont grip (grip) rekòmande pou moun pran l chak ane akòz nouvo souch ki parèt chak sezon.

Konbyen tan nou espere pou dòz rapèl yo pwoteje nou, epi èske m ap bezwen yon lòt?

Li pa konplètman klè nan moman sa a, se poutèt sa ekspè sante ak medikal federal ak Eta a nou yo te, e yo kontinye, byen kontwole ak analize done syantifik Ozetazini ak atravè lemond. Sa a pèmèt nou analize done kòm viris la ap evolye epi kontinye konprann konbyen tan pwoteksyon sa a pral dire, ak kijan nou ta ka maksimize pwoteksyon sa a. Nou pral kontinye swiv lasyans epi kominike ouvètmàn ak Nouyòkè yo ofeamezi done adisyonèl yo vin disponib.

Èske moun ki te resevwa Vaksen COVID-19 Johnson & Johnson's Janssen (J&J/Janssen) yo jwenn yon dòz rapèl nan yon vaksen mRNA?

Non. Nan moman sa a ak dapre CDC a, kounye a pa gen ase done pou kore lefèt pou moun resevwa yon dòz vaksen mRNA (swa Pfizer-BioNTech oswa Moderna) si yon moun te deja pran yon vaksen J&J/Janssen.

Èske moun ki te resevwa Vaksen COVID-19 Johnson & Johnson's Janssen (J&J/Janssen) yo bezwen yon vaksen rapèl?

Li pwobab pou moun ki te resevwa vaksen COVID-19 J&J/Janssen yo bezwen yon dòz rapèl. Akòz yo te bay vaksen J&J/Janssen lan Ozetazini jous apre 70 jou apre premye dòz vaksen mRNA yo (Pfizer-BioNTech ak Moderna), done ki nesèsè pou pran desizyon sa a poko disponib. Ya espere jwenn done sa yo nan semèn k ap vini yo. Avèk done sa yo nan men, CDC ap kenbe piblik la enfòm avèk yon plan alè pou vaksen rapèl J&J/Janssen.

Ki diferans ki genyen ant yon "dòz rapèl" ak yon "dòz siplemantè"?

Yon "dòz siplemantè" fè referans ak yon lòt dòz vaksen yo bay yon moun ki iminodeprime epi ki ka pa t devlope ase pwoteksyon apre premye seri vaksen COVID-19 yo a.

Yon "dòz rapèl" fè referans ak yon lòt dòz vaksen yo bay yon moun ki iminodeprime epi ki devlope ase pwoteksyon apre vaksinasyon an, men apre sa pwoteksyon sa diminye apre yon tan.

Pou Nouyòkè ki iminodeprime yo

Si mwen iminodeprime, èske mwen kalifye pou dòz siplemantè vaksen COVID-19 mwen an?

Dapre [CDC](#), moun ki iminodeprime modere pou rive grav dwe resevwa yon dòz siplemantè vaksen COVID-19 la. Moun ki gen sistèm iminitè ki fèb soti modere pou rive grav yo espesyalman vilnerab fas ak COVID-19 la, epi yo ka pa devlope menm nivo iminite ak seri de (2) dòz vaksen yo ak moun ki pa iminodeprime yo. Dòz siplemantè sa a se pou amelyore repons moun ki iminodeprime yo nan seri vaksen inisyal yo a.

Yo ta dwe konsidere yon dòz siplemantè yon vaksen mRNA COVID-19 (omwen 28 jou apre dènye dòz premye seri vaksen COVID-19 yo) pou moun ki gen sistèm iminitè ki fèb soti modere pou rive grav akòz yon pwoblèm medikal oswa y ap resevwa medikaman oswa tretman iminosipresè. Pwoblèm sante sa yo ak tretman yo gen ladan yo, men se pa sa sèlman:

- Tretman aktif pou timè ki solid ak maladi ematolojik
- Resepsyon grèf ògàn solid ak terapi iminosipresè
- Resepsyon grèf selil CAR-T oswa selil souch ematopoyetik (nan 2 lane grèf oswa nan pran terapi iminosipresif)
- Iminodefisyans primè modere oswa grav (ekzanp, sendwòm DiGeorge, sendwòm Wiskott-Aldrich)
- Enfeksyon VIH ki avanse oswa ki pa trete
- Tretman aktif ak gwo dòz corticosteroids (kòtokostewoyid) (sa vle di, ≥ 20 mg prednisone (prednizòn) oswa ekivalan an pa jou), ajan alkylating, antimetabolites (antimetabolit), medikaman iminosipresè pou grèf, ajan chimyoterapetik kont kansè yo klase kòm iminosipresè ki grav, sa k ap bloke nekwoz timè yo (tumor-necrosis (TNF) blockers), ak lòt ajan biyolojik ki iminosipresè oswa iminomodilatè.

Faktè pou konsidere nan evalyasyon nivo jeneral kapasite iminitè lakay yon pasyan gen ladan gravite, dire, estabilite klinik, komplikasyon, komòbidite ak nenpòt tretman iminosipresyon potansyèl maladi a.

Moun yo dwe pale ak pwofesyonèl swen sante yo sou pwoblèm medikal yo, epi konnen si lè yo pran yon dòz siplemantè èske sa ap apwopriye pou yo.

Si mwen iminodeprime, kilè mwen ta dwe resevwa lòt dòz mwen an?

CDC rekòmande pou moun ki gen sistèm iminitè ki fèb soti modere pou rive grav yo resevwa yon dòz siplemantè vaksen mRNA COVID-19 omwen 28 jou apre yon dezyèm dòz vaksen Pfizer-BioNTech kont COVID-19 oswa vaksen Moderna kont COVID-19.

Moun ki iminodeprime yo **dwe** pale ak doktè yo konsènan si li bon pou yo ak ki moman pou resevwa yon dòz siplemantè vaksen COVID-19 la. Depatman Sante Eta New York la ankouraje doktè yo pou yo kontakte pasyan iminodeprime yo aktivman pou yo diskite sou avantaj ki genyen nan resevwa yon lòt dòz.

Poukisa moun ki iminodeprime yo bezwen yon dòz siplemantè nan vaksen an?

Daprè CDC, moun ki gen sistèm iminitè ki fèb soti modere pou rive yo fè apeprè 3 pousan nan popilasyon adilt la epi yo sitou vilnerab fas ak COVID-19 paske yo gen plis risk pou yo malad grav epi pwolonje. [Etid yo](#) montre kèk moun ki iminodeprime pa toujou devlope menm nivo iminite a apre vaksinasyon an menm jan ak moun ki pa iminodeprime yo, epi yo ka benefisye yon dòz siplemantè pou asire bon jan pwoteksyon kont COVID-19 la. Nan [ti etid yo](#), moun ki iminodeprime ki vaksinen nèt yo reprezante yon gwo pòsyon "[ka kontaminasyon](#)", lakay moun ki entèn lopital yo epi yo te gen plis chans pou transmèt viris la nan kontak famiyal.

Èske ou ka melanje ak koresponn vaksen yo pou dòz siplemantè mwen an? Pa egzanp, si mwen te resevwa Pfizer-BioNTech la pou premye seri vaksen mwen an, mwen ka resevwa vaksen Moderna kont COVID-19 la pou dòz siplemantè mwen an?

Pou moun ki te resevwa swa seri vaksen Pfizer-BioNTech oswa Moderna kont COVID-19 la, yo dwe itilize yon twazyèm dòz nan menm vaksen mRNA a. Yon moun pa dwe resevwa plis pase twa (3) dòz vaksen mRNA. Si pwodwi vaksen mRNA yo te bay pou de (2) premye dòz yo pa disponib oswa li enkoni, yo ka bay swa youn oswa lòt pwodwi vaksen mRNA COVID-19.

Kisa moun iminodeprime ki te pran vaksen J&J/Janssen yo ta dwe fè?

Dènye amandman EUA FDA a aplikab sèlman pou vaksen mRNA COVID-19, menmjan ak rekòmandasyon CDC a.

Done ki parèt yo te demontre moun iminodeprime ki gen pwoteksyon ki fèb yo oswa ki pa gen pwoteksyon apre de (2) dòz vaksen mRNA COVID-19 yo ka gen yon repons kò amelyore apre yon dòz siplemantè nan menm vaksen an. Pa gen ase done nan moman sa a pou detèmine si wi oswa non moun iminodeprime ki te resevwa vaksen Janssen Johnson & Johnson COVID-19 la gen yon repons antikò amelyore tou apre yon dòz siplemantè nan menm vaksen an.

Ki avantaj moun ki resevwa yon dòz siplemantè vaksen an ap jwenn?

Yon dòz siplemantè ka anpeche COVID-19 la fè w malad grav epi anpeche lanmò lakay moun ki ka pa t reponn a premye seri vaksen yo a. Nan esè klinik kontinyèl yo, yo te demontre vaksen mRNA COVID-19 la (Pfizer-BioNTech oswa Moderna) anpeche COVID-19 apre seri de (2) dòz la. Enfòmasyon limite sigjere moun iminodeprime ki gen pwoteksyon ki fèb yo oswa ki pa gen pwoteksyon apre de (2) dòz vaksen mRNA yo ka gen yon repons amelyore apre yon dòz siplemantè nan menm vaksen an.

Ki risk ki genyen pou vaksinen moun yo ak yon dòz siplemantè?

Gen enfòmasyon limite sou risk ki genyen nan resevwa yon dòz vaksen siplemantè, epi yo kontinye ap evalye sekirite, efikasite ak avantaj lòt dòz vaksen COVID-19 yo lakay moun ki iminodeprime yo. Pou jous kounye a, reyaksyon yo rapòte apre twazyèm dòz mRNA a te menmjan ak sa yo te rapòte pou seri de (2) dòz yo: fatig ak doulè kote w te pran piki a, se te efè segondè yo te pi souvan rapòte, ak an jeneral, pifò sentòm yo te lejè pou rive nan modere.

Sepandan, menmjan ak seri de (2) dòz yo, [efè segondè grav yo ra](#), men yo ka rive.

Prèv Rapèl ak Dòz Siplemantè

Kijan pou mwen espere resevwa prèv dòz rapèl COVID-19 mwen an ak/oswa dòz siplemantè mwen an?

Ou dwe espere resevwa prèv dòz rapèl ou a sou kat vaksinasyon orijinal CDC COVID-19 ou an. Si w pèdi kat vaksinasyon orijinal ou a, tanpri kontakte pwofesyonèl swen sante w la pou jwenn yon kopi dosye vaksinasyon ou an. Eta New York pa ranplase kat vaksinasyon ki pèdi paske se CDC ki bay yo.

Èske mwen bezwen pran rapèl COVID-19 mwen an ak/oswa dòz siplemantè mwen an pou yo konsidere kòm moun ki "vaksinè nèt" pou etabli prèv pou ka antre nan biznis ak nan etablisman, kote sa aplikab?

Non. Nan moman sa a, yo toujou konsidere Nouyòkè yo kòm moun ki vaksinè nèt de (2) semèn apre yo fin pran premye seri vaksen yo a - swa de (2) semèn apre dezyèm dòz yo a nan yon seri de (2) piki tankou vaksen Pfizer-BioNTech oswa Moderna, oswa de (2) semèn apre yon vaksen yon sèl dòz, tankou vaksen J&J/Janssen.